



MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFEYONÈL (MENFP)
FILYÈ ANSÈYMAN JENERAL
SERI: SVT, SES, SMP
BAKALOREYA SESYON JIYÈ 2022
SEGONDÈ IV
KREYÒL

BRASÉ

Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

Durée de l'épreuve :2 heures 30

BLAKAWOUT

Chwap, chwap, chwap, Polo ap bay gwo kout dan nan yon kann anana. W a dous pa w. Jera zanmi l, ap fè menm bagay la. Toude chita sou yon ti chèz nan fènwa a, anba galri kay Polo a nan Ri Doktè Obri, sou Belè. Y ap devore kann yo. Li Fè nwa kou lank. Lalin pa leve. Yo pa ka wè sou konbyen ne yo ye. Se pwa kann nan ki pou di yo si yo pre fini. Chwap, chwap, chwap, atansyon pou bòkè. Lè yo resi fini, yo ranmase yon silans lou. Refleksyon lavi anvayi yo. Polo voye je l anlè, li gade syèl la ki bade ak zetwal. Li rete gade l yon bon moman.

“Gen syèl ak syèl, syèl lavil, syèl andeyò”. Polo di, kòmsi l ap pale ak tèt li, “Lontan zetwal te konn fè ti lago kache al lwen nan syèl lavil. Yo parèt, yo disprèt. Lè sa, te gen limyè.”

“Ou konnen ou pa manti Polo, se vre wi sa w di la a.”

San l pa reponn, Polo kontinye kòmsi li pa t tande Jera.

“Zoranjè bò Jakmèl, andeyò, lè tan an te bon tan, m songe yon lannwit kè poze, m te kouche sou do, mwen t ap admire syèl la ak wòb nwa payèt ajante l ki te pandje sou tèt mwen. Zetwal yo t ap fè m zyedou. Pa t gen lago kache, paske pa t gen limyè. Mwen t ap gade yo, yo t ap gade m tou. Tèlman syèl la te parèt ba, mwen lonje bra m pou m touche ke wòb syèl la, pou m keyi kèk grenn zetwal.”

“O, konsa menm, Polo!”

Polo pa reponn, li kontinye.

“Kounye a, m pa bezyen al Zoranjè pou m keyi zetwal, depi labrindiswa pwente, nanpwen dout, blakawout sou wout, Pòtoprens tounen andeyò.”

“Polo, zanmi m, ou fè m tris”, Jera “M konprann ou. Sa w santi a, m santi l tou. Li malouk anpil. Chak jou solèy ap plenyen, de men nan machwa. Pafwa gwo midi, m ap chache lonbray mwen ki disparèt, yo fè dap-piyan sou li, Electricité d’Haïti bèbè.

Toulede pran ri. Jera kontinye.

“Chak jou, apre espektak move zak malfektè yo, pou solèy, dòmi nan je l, l al kouche. Lè sa a, Pòtoprens met rad dèy li, chen jape, chat plenyen, marengwen ak elèv ap kraze bèt anba tèt bòbèch. Lavni yo kont tèt gridap. Chak jou pote doulè, chak jou pote lespwa. Ayayay! Peyi a ap yaya anba men malfwa”

Silans lan reprann plas li ankò. Yon silans lou kon pwa senkant. Jera tande krip, krip. Li konn se pa bri kann y ap manje. Kann nan fini. Li vire gade Polo, se dan li t ap manje konsa. Polo vire gade Jera, li wè yon ti ran dlo k ap koule nan figi zanmi l. san di yon mo, yo youn bat do lòt. Polo rantre lakay li. Jera pran wout pa l. Yo pa konnen kisa demen pral pote pou yo.

Frantz (Kiki) Wainright, siloyiz, istwa kout (nouveau) ak pwezi, koleksyon koukouy, tèks entegral, 2002 (kreyòl Alekile Roldan CETOUT, 2020, Pòtoprens, Ayiti.

PREMYE PATI

A- Konpreyansyon Tèks (30 pwen/ 6 pwen pou chak bon repons)

1. Selon tèks la, kijan zetwal te konn jwe ak Polo lè te gen limyè?
2. Nan ki moman, nan jounen an, Pòtoprens tounen andeyò?
3. Daprè ou, poukisa gen yon ti ran dlo k ap koule nan figi zanmi Polo a?

4. Nan ki depatman “Zoranjè” ye? Epi rezime nan yon fraz sa otè a di de zòn sila a.
5. Ki aksyon zanmi yo te poze lè yo te fin kraze bon bout kann nan nan blakawout la?

B- Gramè – Vokabilè – Tradiksyon (30 pwen pwen/ 5 pwen pou chak bon repons)

- 1- Tèks la chaje ak diskou rapòte. Bay de (2) karakteristik diskou rapòte epi bay yon ezanp.

2- Men yon manm fraz: “Lè yo resi fini” Eksplike mo “resi” nan fraz ki nan tèks la epi konstwi yon lòt ak yon omonim “resi.”

3- Eksplike ekspresyon sa yo ki nan tèks la.

- a) fènwa kou lank
- b) yon silans lou
- ch) zetwal ap fè zye dou
- d) labrindiswa pwente

4) Tradui fraz sa yo an kreyòl.

- a) Il faut que tous les enfants aillent à l’école chaque jour.
- b) La lecture quotidienne est obligatoire pour augmenter le savoir.

5) Konstwi yon fraz konplèks pa sibòdinasyon ak konektè sa yo nan tablo anba a epi bay chak konektè yo.

a) tandiske	
b) lè	
ch) paske	
d) Alòske	

DEZYÈM PATI (10 pwen) chak kesyon sou 5 pwen

Literati

- 1- Bay jan literè tèks la.
- 2- Kilès ki otè Choukoun?

TWAZYÈM PATI

D- Pwodiksyon ekri (chwazi youn nan sijè sa yo. (30 pwen)

- 1- Kontwi yon tèks agimantatif kote w ap montre elekrisite se motè devlopman tout peyi. Vini ak bon jan agiman pou w konvenk dirijan yo rezoud pwoblèm blakawout la. Konsa, elèv yo ap etidye lè yo vle epi travay byen lekòl pou avni peyi a.
- 2- Zòn lakay ou gen kenz jou depi yo pa bay kouran, gen yon komite katye ki fòme pou pwoteste kont fenomèn blakawout la. Se ou ki sekretè komite a. Ekri Direktè “EDH” la pou w di li tout moun nan zòn nan bezwen kouran e yo toujou peye bòdwo yo. Lèt sa a dwe genyen yon sekans agimantatif ak bon jan agiman pou konvenk Direktè a rezoud pwoblem nan.